



*Ankèt sou fonksyonman PNH la :  
Polisye yo mande pi bon kondisyon pou travay*

**12 jen 2024**

1. Soti 6 pou rive 27 me 2024, Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH) te mennen yon ankèt bò kote 132 polisye pam yo 108 gason ak 24 fanm. Polisye sila yo afekte nan komisarya, soukomisarya, prizon ouswa nan inite espesyalize ki chita kò yo nan 8 depatman nan peyi a.

2. Gras ak yon fich ankèt ki te prepare pou sa, polisye yo te reponn kesyon ki gen pou wè ak kondisyon jeneral travay yo, sekirite sosyal, fòmasyon yo, materyèl ak ekipman pou polisye ak fason yo òganize sekirite yo. Men rezulta ankèt sila bay:

- **Polisye yo ap travay nan kondisyon malouk:** espas kote y ap travay yo sal, orè yo pa adapte epi yo difisil, yo pa touche nan lè yo ta dwe touche epi lajan yo bay la pa sifi, anplis gwo zotobre nan leta pa peye dèt yo gen pou polisye yo, yo pa fasil fè ogmantasyon salè, yo pa mete lajan sou kat debi a nan lè yo ta sipoze fè sa, prim pou risk yo distribiye nan dezòd ak nan patipri.
- **Polisye yo gen yon asirans sante ki pa bon ditou epi yo pa gen ase pwoteksyon nan travay yo :** asirans sante a pa itil anyen, pa gen enfòmasyon klè sou konje yo gen dwa pran yo, polisye yo pa gen asistans sikolojik, yo viktim zak tizonnay sikolojik ak entimidasyon nan espas travay yo ak menas siperyè yo ap fè pou revoke yo.
- **Fòmasyon polisye yo pa sifi :** 35% nan polisye ki te patisipe nan ankèt la deklare yo pa janm gen lòt fòmasyon apre sa yo te resevwa nan akademi an.
- **Materyèl yo te ba yo lè yo tap sòti akademi tankou inifòm, bòt, zam, minisyon, gaz lakrimojèn ak baton prèske pa ka itil anyen ankò.** Sa ki lakoz yo blije achte pwòp materyèl pa yo pou yo travay.
- **Materyèl ak ekipman polisye yo tankou zam, minisyon, boukliye, baton, machin, moto, elatriye, pa sifi. Anplis materyèl yo pa reponn ak nivo danje ki genyen nan zòn yo voye yo a.**
- **Gen anpil gwo konsekans sou lavi polisye yo akoz pa genyen oubyen polisye yo pa konnen pwotokòl sekirite enstitisyon an pou pwoteje polisye yo,** sitou nan nivo ensekirite a ap taye banda nan mitan lapolis la.

- **33% nan polisye ki patisipe nan ankèt la viktim nan kad travay yo:** Genyen ki blese ak bal, ak manchèt ouswa kouto, gen lòt ki pran kout wòch oubyen yo joure yo. Mete sou sa, soti 2015 pou rive 2024, 323 polisye asasinen, 20 ladan ki asasinen sòti janvye pou rive jen 2024. Pami 323 polisye sa yo, gen 120 polisye(37%) ki mouri asasinen pandan Frantz Elbé, direktè jeneral PNH la. Menm jan tou, gen 68 ka kote bandi atake komisarya, soukomisarya, prizon, baz inite espesyalize ak patwouy la polis la. 55 ladan yo fèt sou direktè Frantz Elbé.

3. Se sa ki fè 95% nan polisye ki patisipe nan ankèt la di kondisyon y ap travay la se yon gwo sous fristrasyon. Nan sans sa yo te fè plizyè rekòmandasyon :

- ***Nan sousi pou amelyore kondisyon jeneral travay epi penmèt yo bay plis rezulta sou teren an, polisye yo mande:*** peye yo bon jan salè k ap penmèt yo fè fas ak lavi chè a, peye yo lajan yo dwe yo a, ba yo mwayen pou yo ka prete lajan nan bank, mete lajan regilyèman sou kat debi a, bay yon bon asirans sante, bay privilèj yo san pati pri, peye mari oubyen madanm polisye ki mouri nan kad travay yo ak moun ki responsab ptit polisye sa yo jiskaske yo fini etid yo, bay grad san patipri ak nan transparans, bay prim risk yo regilyèman ak nan transparans.
- ***Nan sousi pou amelyore imaj enstitisyon lapolis la, polisye yo mande :*** pou gen espas biwo pwòp ak dòtwa ki byen ekipe, pou yo jwenn materyèl ak ekipman lapolis tankou machin, moto nan tout pòs polis yo, nan prizon ak nan tout baz inite espesyalize yo.
- ***Nan sousi pou rann direksyon enstitisyon lapolis la pi efikas epi pwòch manm li yo :*** polisye yo mande pou yo nonmen moun ki konpetan epi ki pa gen tou nan manch, fè enstistisyon an vin pi pwofesyonèl, kontinye fè seyans fòmasyon pou polisye yo epi pase men nan enstitisyon an pou retire tout move gress yo.
- Anfen nan sousi pou revandikasyon ak rekòmandasyon yo ka byen kowòdone, polisye yo konseye sendika nan lapolis la pou yo prezan sou tout teritwa nasyonal la, pou yo tandé polisye yo epi mete mwayen pou yo ka diskite.